2009 Илъэсыщ1эм гуф1эгъуэ куэд къыф1ощ1ыну!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ К1ЪЫДОК1

№250 (21.408) ● 2008 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 31, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдок1 ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дифi догъэлъапIэ

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *триХащ.*

Республикэм и щIыху пажэхэр

Дыгъэгъазэм и 29-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм эIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм я дамытыгъ лъапIэхэр зыхуагъэфащахэм, щIыхьыщIэхэр зыфIащахэм я1уIащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Ярин Андрей, абы и япэ къуэдзэ Тхъэзэпльыж Мурат, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1 Къэжэр Альберт, министрхэр.

- ХАБЗЭ ХЪУАУЭильэсым и кIэм дэ догъэпажэ зыпэрыт IэнатIэхэм ехьулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа лэжьакIуэхэр, - жиIаш республикэм и Президент **Кьанокъуэ Арсен.** - Ди гуапэ зэрыхьущи, ди мащIэкъым зи лэжьыгъэфIым къэралгулыпэ игъуэтIэщIагъэлI пажэхэр. Аэр республикэм щекIуэкI Iуэхухэм жыдэжру хэтщ, ди хэку щыкIум игъуэта зыужьыныгъэхэм абыхэм я гуащIэ ин хэльщ. Сохъуэху дэтхэнэ зыми адэкIи я зэфIэкIым хигъахъуэу, и къэралым и сэбэп екIыу и лэжьыгъэр ирихьэкIыну.

КъБР-м и Президентым къыхигъэщащ дунейм псор зыхэт финанс гугъуехьыр Урысейм и экономикэм зэранышхуэ къыхэумыхьуну къызэралытэр, апхуэдэуи ди республикэм абы и лъэныкъуэкIи и Iуэхухэр зэрымылейр. «Дызытехьэ ильэсым КъБР-м и бюджетыр сом мелард 21-рэ мэхъу, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен. - Апхуэдэу щоб республикэм дызыгъэгъазэ щIыхэушхуэхэр тельыжкъым. Дышоугугъ дызытехьэ 2009 гъэр мамыру, етхьжьа IуэхуфIхэр къызэпызыудын лъэпощхьэпохэр къыптыкъуэмыкIыу адэкIи зыужьыныгъэ гъэгуимрикIуэну. Дэ, республикэм и унафэщIхэм, ди къару псори етхьэлIэнущ ди цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэжIуэным. Нэхъыщхьэращи, ди дзыхь зэдгъэхъуэрэ, ди сыт хуэдэ гугъуехьри къызэдгъэкIыфынущ».

АдэкIэ дамытэ лъапIэхэр республикэ Унафэщым яритыжащ «Хэкум и пащхьэ щIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 2-нэ нагъыщэр зыхуагъэфэща, Къэрал статистикэмкIэ Федеральнэ Iуэхущ1апIэм и щIыналъэ органу КъБР-м щыIм и унафэщI **Погребняк Людмилэ,** КъБР-м и ЩIыхь тхылъымкIэ игъэпэжаэу КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ягъэ къуэдзэ **Тхъэзэпльыж Мурат,** Нарткъалэ дэт лицей №1-м и егъэджакIуэ **Бекъалды Марие,** Налшык къалэ судым и унафэщым и къуэдзэ **Ольмезов Мухьэмэд,** КъБР-м и щIыхьыщIэ лъапIэхэр зыфIащахэу Бгылъэ щIыпIэхэмрэ экологиемкIэ институтым и унафэщI **Тембот ФатIимэт,** КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий,** Лэскэн район администрацэм и унафэщым и къуэдзэ, мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэхэмкIэ управленэм и унафэщI **Мэкъуауэ Арсен,** КъБР-м и Арбитражи1э судым и унафэщым и къуэдзэ **Бечелов Анатолий,** Налшык къалэ и прокурор **Тхьэгъэпсо Анатолий** сымэ, нэгъэущIэхэми.

ЩХЬЭЩIЭМЫЩI Иэз.

● Дыгъуасэ

Зэчнифiэхэр ягъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ ди республикэр зэрыгушхуэ щIалэгъуалэр дыгъуасэ Правительствэм и Унэм нрагъэблэгъащ.

АБЫХЭМ я щIэкIэ екIуэкIа Илъэсыщ1э гуфIэгъуэ балым хэтахэщ КъБР-м и къалэхэмрэ куейхэмрэ кIыкIа ныбжьыщIэу 120-рэ. Абыхэм яцIыщ дэтхэнэ зыми Урысейпсо, республикэ зэхъэзэхъэхэм, олимпиадэхэм текIуэныгъэр къыщахьащ. Кьапщтэмэ, 2008 гъэм кIрыубыдэу Урысейм и Президентым и ЩIыхь тхылъхэр ди республикэм щыщу еджакIуэ 33-м къыхуагъэфэщащ, еджэнымкIэ зыIэрагъэхьа екъулIэныгъэфIхэм кьыпэкIуэу. -Зэчий зыбгъэдэлъ еджакIуэхэм ядэIэпыкъун» республикэ программэм ипкъ иткIэ саугъэтхэр ирата еджакIуэ 11-м.

Илъэсыщ1э щIалэгъуалэ пшыхьым къыщIэсэлъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен икIи республикэм и къэкIуэнур зэтъыта ныбжьыщIэхэм ехьуэхъуащ дызыгъехьэ илъэсыщIэм ехьулIэныгъэфIхэмкIэ республикэм и щIэр яIэтыну, я мурадхэр кьайхьулIэну. Пшыхьым къратэфIэгъэхэм Президентым къыбгъэдэкIыу «Дунейпсом и телъыджэу 7- зыфIаща энциклопедие лъапIэхэр тыгъэ хуащIащ. Абы и ужькIэ зэIущIэм хэт псомэ зэгъусэу жаIащ «Илъэсыщ1э» уэрэдыр. ЕджакIуэ пашхэу Къэжэр Лианэ, Ульбашев Алим, Тарасовэ Марие сымэ республикэм и еджакIуэхэм къабгъэдэкIыу гулыпэтэ ин къахуэзыщIа Президентым фIыщIэ псалъэкIэ зыхуагъэзащ икIи тыгъэ хуащIащ республикэм и курыт еджапIэхэм щеджэ ныбжьыщIэхэм я IэкIэ игъэхьэзыра саугъэтхэр. Илъэсыщ1э щIалэгъуалэ балыр ягъэбжьыфIащ КъБР-м и уэрэджьIакIуэ щIэрыуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм, Парламентым, министерствэ щхьхэуэхэм я лIыкIуэхэр.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Анэхэр Президентым деж щохьэщIэ

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен дыгъэгъазэм и 29-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм Iуэху дахэ щигъэкIуэкIащ. Республикэм и Унафэщым «Анэм и щIыхь» медаль яритыжащ сабийтхэу е нэхъыбэ зэрыщIэтыр.

ЗэIУЩIэр къыщIэзIуихым Кьанокъуэ Арсен къыхигъэщащ унагъуэр щIыхь и щIэныкъуэу зэрыщIэтыр.

- 2008 гъэр Унагъуэм и илъэсу зэрагъэувам фIы куэд кьыдэкIуащ, - жиIащ Кьанокъуэм. - Ди къэралым унагъуэм и пщIэр нэхъ кьыщагъэтащ, апхуэдэуи бынунагъуэшхуэхэм, хуэмыщIахэм, унагъащIэхэм социальнэ и льэныкъуэкIэ зыщIагъакъуэ. Къбр-м и Правительствэр зэрыкъуэфIэкIкIэ йогугъу демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэным, щIыхьэм я псэукIэр нэхъыбэ щIыным. А Iуэхухэм ящыщщ бын куэд зиIэ анэхэр гъэльэпIэныр, гулыгъэ яхуэщIыныр.

КъБР-м и Президентым къыдигъэкIа У нафэм ипкъ иткIэ, сабиипщI е нэхъыбэ зыгъэса анэхэм «Анэм и щIыхь» медалрэ микроавтобусрэ ирата. Апхуэдэ унагъуэхэм я гуащIэ бзыльхугъи 10 (бзыни 10 зиIэу - 4, 11 зиIэу - 4, 12 зиIэу - 2) хэтащ зэIущIэм.

Ахъшэ саугъэт (сабий кьэс сом минипщI) и гъусэу «Анэм и щIыхь» медалыр ирата сабиитху е нэхъыбэ зыпI цIыхубзхэм. Ахэр цIыху 27-рэ хьурт. Бзылъхугъэхэм я гъусэу зэхъыхьэм щагъэльэпIащ Бахьсэн кьалэм щIыщ, зи закъуэу сабийбл зыпI Пекъу Хьэсэир.

КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я унафэщIхэм, депутатхэм, министрхэм кьаблагъэдэкIыу иджырэ зэ къызэхэсэхэм ехьэхьэщащ Кьанокъуэ Арсен, апхуэдэуи Илъэсыщ1эр угъурлы яку зкIыну зэрригупэрэ кьыхигъэщащ.

Бзылъхугъэхэм фIыщIэ псалъэкIэ республикэм и унафэщIхэм зыхуагъэза нэужь, фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

ТекIуэныгъэхэр къытпоплъэ

Ильясыщ1эр псоми нэхъ яхуэгуапэ икIи нэхъыфIу ялъагъу унагъуэ гуфIэгъуэщ. Курантхэр кьыщеуэкIэ, дэ тыщыщ дэтхэнэми блэкIар игу кьегъэкIыж, къэкIуэнум йогупсыс икIи, дауи, дэтхэнэри щогугъ нэхьыфIым.



МЫ ГЪЭМ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыху псоми я дежкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ Iуэхухэр къэхьуаIц: Iуащхьэмахуэ щыткIуащ «Урысейм и телъыджэу 7» зэпеуэм. Абы дэ псори дрогушхуэ. Дигъэгфiащ «Евровиденэм» щытекIуа ди хэкуэгъу Биллан Димэ. Хъущт Асльэнбэч «дыщ», хьэлъэ къэзыIэт Аккаев Хьэжмурат «жэз» Пекин кьыщахьащ. ИкIи, дауи, гуапэу ди гум илъщ щыхубзхэм шахматымкIэ я дунейпсо чемпионату нэгъабэ и бжьыхьэм Налшык щекIуэкIар.

Дэ властым и зэфIэкIым хэгъэхьэуэным, ар жылагъуэм нэхъ хуэзэIухауэ щытыным, абы и пащхьэм жэуап щихьыным хуэгъэзауэ мыхьэнэщхуэ зиIэ лъэбакъуэхэр тчащ. Республикэм и экономикэ лъащагъым зиIэтащ, щIыхуэхэр дгъэзэщIащ, бюджетыр нэхъ ин хьуащ, тхуэзфIэмыкIынкIэ хьуну пIэрэ жьитIэу шэч кьызытетхьэ гуэрхэри кьыдэхьулIащ. Ар ди псэукIэщIэм и нэщэнэщ.

А псори ди зэхуэдэ еехьулIэныгъэхэщ. Абыхэм хуаб жьу дыхуейщ, цIыхухэм я кьарур, яхэлъ фIэщхьуныгъэр щагъэбыдэри, текIуэныгъэщIэхэр къэтхьынымкIэ щIэгъэкъуэн кьытхуохъури. А текIуэныгъэхэр, си гугъэщ, дэ ку эду кьытпIэлъэу. Дэ тльэкI псори дпэжынщ экономикэм щытхуэзфIкIхэр дэтхэнэ цIыхуми хуэдгъэщхьэпэн, кьулейсызхэр нэхъ мащIэ хьун, махуэ кьэс зыхэпсэукIыным егупсысыным и мызакъуэу, цIыхум и гъащIэр лъагэуныгъэрэ гулыитэкIэ гъэнщIа хьун папщIэ.

Ильэсыщ1эм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми уэзнышагъэ быдэ, фIыгъуэ, екъулIэныгъэ яIэну си гуапэщ. Сыхуейщ фи мурадхэр кьывэхъулIэну! Дызыхьхь? ЗэгъэмкIэ сынывохьуэхьу, ныбжьыгъуэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен.

Хабзэ зэрыхъуам тету

2009 гъэм и Илъэсыщ1эмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм ехьуэхъунущ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен. Хабзэ хьуауэ республикэм и Iэтащхьэм Илъэсыщ1эм зэрызахуигъаззэр дыгъэгъазэм и 31-м телеканалищым кьагъэлъэгъуэнущ: «Хьыбарыщ1эхэр - ГТРК»-м - сыхьэт 14-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК ГУ-м - сыхьэт 21-рэ дакьикъэ 20-м, «Налшык» ОРТК-м - сыхьэт 21-м.

● ЗэIущIэхэр

ПIалъэ кIэщI ирет

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр дунейпсо финанс кризисым щыхъуэмэнымкIэ штабым и зи чэзу зэIущIэ екIуэкIащ. Абы щыхэплъащ нобэ республикэм и гъэуэгутранспорт комплексымрэ связымрэ яIэ финанс щытыкIэр зыхуэдам. Ар иригъэжьуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен.

РЕСПУБЛИКЭМ транспортымкIэ, связымкIэ, гъэуэгу хозяйствэмкIэ и министр Сунш Ануарбий зэIущIэм кьыззрыщигъэлъэгъуамкIэ, автотранспортым и Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэм зыкIи зихъуэжакъым. Налшык къыщагъэсэбэпын папщIэ автобус 80 къыззращэхуным и Iуэхур и кIэм ноблагъэ.

И пэжыгъэр зэтеувыIакъым «Эльбрус-Авиа» федеральнэ къэрал унитарнэ предприятэми. Абы улахуэмкIэ щIыхуэ телъкъым, ауэ дунейпсо кризисыр зэран кьыхуэмыхъуу къэнакъым. Мы гъэм и япэ мазэ 11-м илэжьам кърикIуахэр къызэрапщытэжамкIэ, кьанэ щIагъэуцымыIэу, лэжьыгъэ-финанс Iуэхугъуэ псори нэхъыкIэ хъуащ. Кризисым а авиапредприятэм къихуихь зэранигъэр ягъэмэщIэн папщIэ, Iуэху зыбжанэ ялажьащ. Псалъэм папщIэ, Iуэхутхьэбзэм и уасэр щIэтыным махуэ 30-р пIалъэ иIамэ, иджы абы зы тхьэмахуэщ хуагъэувар. ПIалъэ кIыхьым ятыжьн хуеййуэ кьащта кредитхэр зэрапшынысыну щIыкIэри яубзыхуащ.

«Республикэм и гъэщI гъэуэгухэр» ОАО-м цIыку 2500-рэ щолажьэ. Абы щыщу зыгуэр лэжьапIэм IуагъэкIыжын хуей хьумэ, дэтхэнэ IэщщагъэлIри иужькIэ гъэтыгъуэй хьужынущ. Абы кьыхэкIыу, улахуэр хуамыхъумэу, лэжьакIуэ псори махуийкIэ яутIыпщащ, загъэпсэхунущ щIышылэм и япэ махуитхуми.

Хэхъуэр кьэзыхъумэу, хэщIыр зыгъэмэщIэн хуей Iуэхугъуэхэр щаубзыхуащ «ЮТК» акционер обществэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэмэ. СвязымкIэ ялажьа Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр кьыщратыжьын хуей пIалъэр зэрикIрэ мазищым щIигъэуэту щIыхуэу зэпщIэн сом мелуан 11,3-рэ. Абы щыщу унагъуэхэм ятелъ щIыхуэр сом мелуани 8,2-рэ мэхъу.

2009 гъэм гъэуэгу лэжьыгъэхэм республикэм щытрагъэжьIуэдэнущ сом зы мелардрэ мелуан 874,7-рэ. Абы щыщу федерал бюджетым сом мелуан 916,4-р, республикэм ейм - мелуан 958,3-р кьыхэкIын хуейщ.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльащ министерствэм хьыхэ Iуэхущ1апIэхэмрэ ахъшэ хъумапIэхэмрэ я унафэщIхэр. Абыхэм кьагъэльэгъуащ, дяпэкIэ дунейпсо финанс кризисыр республикэм нэхъ кууэ кьыльэIэс хъумэ, Правительствэр кьадэIэпыкъуурэ, ялэжьын хуей Iуэхугъуэхэр зыхуэдэр. Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен унафэ ищIащ пIалъэ кIэщIым и кIриубыдэу а Iуэхугъуэхэм я проектхэр игъэхьэзыру кьыIэрагъэхьэну, дэтхэнэ Iуэхуми унафэ пIуыхькIа щхьэхуэу тращIыхьын папщIэ.

ГУЩIО Зарифэ.

● Хъуэхъуэхэр

Фи гугъапIэхэр нахуапIэ ирехъу

«Зыуэ щыт Урысей» пар тым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэр республикэм щыпсэу псоми йохьуэхьу ильэсыщIэ кьихьэмкIэ.

КьытхуэкIуэ гъэм гуфIэгъуэ куэд дэ кьыфхурехь, абы и саугъэт нэхъыщхьэ ирехьу фэрн фи Iыхьлыхэми я насыпыр, узынишагъэр.

Ди гум кьыбгъэдэкIыу дывохьуэхьу ильэсыщIэм гуфIэгъуэ Iуэху куэд кьывэхъулIэну, фи унэхэр нэхъу, хуабэу щытыну, фи унагъуэхэм фIыгъуэ ильыну, фи гугъапIэ нэхь ин дыдэ хэр кьывэхъулIэну.

Псоми захудогъазэ

2009 ильэсыщ1э кьихьэмкIэ гурэ псэкIэ дохьуэхьу коммунистхэм, республикэм щыпсэу псоми.

Узынишагъэ быдэ, насыпи фиIэну дэтхэнэ унагъуэми фIыгъуэ ильыну, фи гъащIэм фIы и льэныкъуэ екIэ зихъуэжыну ди гуапэщ.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр реском.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 31, *бзэжьей*

◆ Илъэси 110-кIэ зэрэIэбэкIымэ, Урысейм лэжьэн щыщIидзащ къалэхэр зэпызыщIэ яп1ефон линэм. АбыкIэ зэпсэльащ Санкт-Петербургрэ Москварэ щыпсэухэр.

◆ 1938 гъэм США-м и Индианаполис япэу къыщагъэсэбэпащ водителым и IубахьэмкIэ ар фадэ зэрефар къэзыгащIэ Iэмэпсымэр.

Щ1ышылэм и 1, *махуэку*

◆ 2009 гъэм и япэ махуэщ. Илъэсыщ1э зыгъэпсэхугъуэ махуэхэщ щIышылэм и 11 хьуху.

Щ1ышылэм и 2, *мэрем*

◆ Илъэс 50 хьуащ Совет Союзым и Байконур космодромым «Мечта» зыфIаща яп1э хьэрщ станцыр зэрытельэтыкIрэ. Ар здаутIыпщар маэзм и лъныкъуэкIэт. Дыгъэм и спутник Iэрыщ1 япэу хьуар араш.

◆ Илъэс 20 и яп1э уэгум зиIэтащ Ту-204 кхъухьлъатэм. Цыхуэхэр гъэIапхъуэным хуащIа авиалайнеру СССР-м иужьрейуэ щызэпкъралъхьар араш.

Щ1ышылэм и 3, *щэбэт*

◆1914 гъэм Дзэ авиацэр щхьэхуэу Урысейм къыщалъытэри, абы хэтхэм фащэ щхьэхуи хурагъэдащ.

◆1924 гъэм Урысейм и телеграф Iуэхущ1апIэм (РОСТА) радиокIэ хьыбарыщIэхэр кьытын щидзащ газетхэм папщIэ. Редакцэ псоми приемникэр щагъэуват.

Щ1ышылэм и 4, *тхьэмахуэ*

◆1943 гъэм Советыдзэм щхьэхуит кьыщIыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэ Налшык.

Щ1ышылэм и 5, *блыщхь*

◆1949 гъэм щIышылэм и 5 - 8-хэм Москва щекIуэкIа зэIущIэм Болгариер, Польшэр, Румыниер, СССР-р, Чехословакиер щызэгурыIуащ экономикэ и льэныкъуэкIэ зэдэIэпыкъуным и Совет (СЭВ) кьызэрагъэпэщыну. А Советыр 1991 гъэм зэхуащIыжащ.

◆1919 гъэм Мюнхен кьыщыжнэхуащ национал-социалист партыр - Гитлер Адольф 1921 гъэм зи унафэщI хьуа фашист партыр.

Щ1ышылэм и 6, *гъубж*

◆ЩIышылэм и 6 - 13-хэм Дели (Индие) щызэхэтынущ Дунейпсо автомобиль еплъыныгъэ.

Щ1ышылэм и 7, *бзэжьей*

◆ Хьисэ бегъымбарыр кьыщалъхуа махуэщ.

◆Мыслъымэнхэм я гуфIэгъэ махуэщ - Iэшырыщ1 - бегъымбархэмрэ Алыхьым и лIыкIуэхэмрэ щагъэлъапIэ махуэщ.

◆Илъэси 170-рэ и пэ Франджы академием и секретарь, физик Араго Францэ Доминик игъэлъэгъуащ и хъжэгъу, сурэтыщI Дагер Луи Жак кьигупсыса сурэттех Iэмэпсымэр, абы дагеротипие фIищри. А махуэр сурэт техныр кьыщагупсысауэ я ябж.

Щ1ышылэм и 8, *махуэку*

◆ ЩIышылэм и 8 - 9-хэм Париж (Франджы) щызэIущIэнущ а къралым и Президент Саркози Николэр Иджылызым и премьер-министру щыта Блер Тонир зи тхьэмадэу къорал лIыкIуэхэр. Капитализмэм и ухуэкIэщIэ къальхьуэным теухуауэ эпсэльэнущ ахэр.

◆ ЩIышылэм и 8 - 12-хэм Эссен кьалэм (Германие) щагъэлъэгъунущ гуэгъуэр ухуэмыкIэ щыIэ Iэмальщ1эхэр.

Щ1ышылэм и 9, *мэрем*

◆ ЩIышылэм и 9 - 14-хэм Сочэ щекIуэкIынущ «Курорты и туризм-2009» 15-нэ Дунейпсо туристскэ ерыпэ еплъыныгъэ.

◆ЩIышылэм и 9 - 11-хэм Лондон (Инджкльнэ) щызэхэтынущ кхъухьхэм, яхтэхэм, каткрэм я Дунейпсо еплъыныгъэ.

Щ1ышылэм и 10, *щэбэт*

◆Илъэс 15 и пэ УФ-м и Президентым и унафэкIэ МЧС-р министерствэ щхьэхуэ ящIащ. 1994 гъэм щIышылэм и 20-м абы и министру ягъэуващ Шойгу С. К.

◆ЩIышылэм и 10 - 16-хэм Кейптаун (ЮАР) щекIуэкIынущ ЩIыр зэрыхьеймрэ физикэмкIэ дунейпсо ассоциацэм и генеральнэ ассамблее.

Щ1ышылэм и 11, *тхьэмахуэ*

◆1943 гъэм бийм кьыIэщIыхьажащ ЕсынтIыгу, Пятигорск кьалэхэр.

Пэлэнгэр лыгъэхэлъыр ГУЩIО Зарифэ.

Лъэпкъ Iуущ1ыгъэ:

Зегъэуби, уи бын пIыж.

Сабийхэми балигъхэми я гуфIэгъуэ

Надыжь дэт Щэнхабзэмкl1э профсоюзхэм я уиэм дыгъуасэ кьыщыIуахащ республикэм и Илъэсыщ1э щсей нэхъыщхьэр. Кьалэхэм, къуажэхэм я сабий цIыкIуэм папщIэ ар кьыззрагъэпэщащ КъБР-м и Правительствэмрэ Профсоюзхэм я федерацэмрэ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, сабийхэм я нэгу зыщрагъэужь Илъэсыщ1э махуэщхуэхэр къызэзыгъэпэщ гупым и унафэщI **Дышэкl Мадинэ.** Ар кIэщIу кьытеувыIащ едгъэжьэж 2008 гъэм екъулIэныгъэ кьытхуихьахэм, ди республикэм и Президентым и ПIалъэ ЩIэту зэфIагъэкIа Iуэху щхьэпэхэм.

- КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, Парламентым, сэ езым кьызбгъэдэкIыу сынывохьэхьу, цIыкIухэ, - жиIащ абы. - Узынишагъэ быдэ фиIэну, еджэным екъулIэныгъэфIхэр щызыIэрызгъэхьэну, фи адэанэр зэрыгушхуэн цIыху пажэхэр кьыфхэкIыну!

Апхуэдэ хъуэхъу дахэкIэ сабийхэми абыхэм кьащхьэщыт нэхъыжьыфIхэми захуигъэзащ кьыкIэIулъкIуэ псалъэр зрата, Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщым и къуэдзэ **Евтушенко Сергей.**

АдэкIэ псейр кьэзыухъуреихьа сабийхэм я нэгу зрагъэужьын щIадзащ Уае Дадэм, абы и дэIэпыкъуэгъуэхэм, Уэс Гуащэм.

Театр теплъэгъуэ иIэу къызэрагъэпэща зэIущIэм дахащэу кьыщызэщIэнащ псей щIэращIэр. Дэрэжэгъуэ зыгъуэта цIыкIуэр Уае Дадэм кьыбгъэдэкI саугъэтхэмкIэ ягъэгуфIащ.

БЛИЙ Даянэ.

Ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур щIышылэм и 12-рщ.

● Илъэс блэкIам кърикIуахэр къыдопщытэж

Iэужьыфiхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым нужьрей илъэсхэм эхъуэхIныгъэфIхэр кьыщюхъу. Ар нэхъыбэу зыхуахьыр республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсенрэ абы и гъэзэгъуэмрэ я Iуэхухэм зэрыхуэIэжьыщт, щIэныгъэ, зэфIэкI зэрэIэрщ, жэрдэмыфIэр щIэ-щIэныр къыщIэрыхьатхьэрщ.

Псом япэрауэ, гу зыльытапхъэщ нужьрей илъэсищым ди щIыналъэр экономикэ и Iэныкъуэкlэ зыхуей нэхъ зэрыхуэзэр, стратегие мыхьэнэ зиIэ дэфтэрэхэр, программэхэр (эмакIэщым, къурытым, къыхым хуэгъэпсаэр) щыIэ зэрыхъуар, властыр зыIэщIэтъхэмрэ щыхуБэмрэ нэхъыбэрэ зэрызэIущIэр, зэрызэпсалъэр, зэрызэдэIэпыкъур.

Абы и Iэныкъуэкlэ щапхъэфIщ 2008 гъэр, экономикэ зыужьыныгъэ кьыхухэзыхьар, къыхуГъэ зэмыIуэжьыныгъэхэмкIэ кьуейуэ, утыкуркIэ кьыхтхуущIэкIар.

Фыщыдгъэгъуэзэнщ зи гугъу фхуэщIащхэм яныщIа Iуэхугъэ щхьэжэхэм.

Къуденигъэ нэхъыщхьэхэр

Республикэм и ахъщэ хъумапIэм («казначейхуэIам») кьихъыщ, гъэ кIуам епльытмэ, хуэдэ 1,4-кIэ нэхъыбэ, псори зэкэту кьапщтэмэ, сом мелард 20,6-рэ. КЪБР-м и бюджетым илъэс кьыкъхьэ процент 30 хуэдиз. Ди республикэр ящыщыжьым УФм дотацэшхуэ (процент 60-м щIигъу) зрит щIыналъэхэм. Ар хъарзынэщ. Ауэ инвестицэу ди экономикэм кьыхалъхьэр зэкIэ нэхъ мащIэщ, нэгъуэщI щIыналъэхэм яIэм епльытмэ. Пщы хэмыльу, Кавказ Ищхъэрэм и республиккэм инвестицэр кьыщэжьыгъэ гугъуехьгъуэ. Ар дяпэкIэ нэхъ дыдэхэзжьыпхъэ Iуэхухэм яIыщIщ. Дауи ирехъуи, 2008 гъэм КъБР-м и экономикэм инвестицэу кьыхалъхьащ сом мелард 15-рэ ныкъуэм щIигъу.

Ари мащIэ дыдэжьым. Мэкъумэшыщхьэхэм гъавэу кьарахьэлIащ тонн мин 600 хуэдиз, псори зэхэту кьаIэжьащ сом мелард 20 зи уасэ. Зы щыхъуи и мазэ улахуэр процент 28-кIэ хэхъуащ икIи сом миниф гъуэм щIигъащ. ГъэжьапIэщхьэм я бжыгъэр мин 34-м нэсыри, мин 24-м къэсу кьекIуэтэхащ.

Пашэ хъуахэр

«Урысеим и хьэпшыпхэхыфIу щэ» зэпеуэм тэрэгъ щыхъуащ КъБР-м и предприятэу плIы: «Молочные продукты» ООО-р, «Агроинвест» ООО-р, «Телемеханикэ» ОАО-р, «Санаторий Долинск» ООО-р. Диплом зратахэм яхэхъуащ лжьакIуэ гупипщI. КъБР-м и Президентыр саугъэтхIэ зыхъуэпсаэхэри предприятэ тIощI мэхъу.

Шыхъуэхэр допшыныж

Республикэм щыхъуэ кьыгетхъат сом мелард зыкъом. Аузр дегугъу зытыдогъэкIыж. Мы гъэм Iазпромым еттыжащ сом мелард 1,5-рэ, РАО ЕЭС-м - сом мелуан 250-рэ. 2011 гъэм ирихьалIэу щыхъуэ лъэпкъ кьызытедмынэну догугъэ. Коммерциэ хъуэхъуэ зытетхыжащ. Абы мыхьэнэщхъуэ нIэщ финанс кризисым зышыгубгъу ди зэманым.

Илъэс кьэс - ухуэныгъэщIэу пщы бжыгъэхэр

2007 гъэм ди республикэм ухуэныгъэщхуэ щекIуэкIащ, хьэзыр щащIащ унэу 40 хуэдиз. Мы гъэри абыкIэ тхуэгъэкIыжьащ: къалэн-хэр дгъэзэщIащ процент 19-кIэ. Iпщэ федеральнэ округыр кьапщтэмэ, ди Iуэхуэр абы и Iэныкъуэкlэ щынэхъыфIщ. Iулыгъэшхэу худощI псэупIэ унэхэр хуэуным т еуэуа программэр гъэзэщIным. Абы и фIыщIкIэ зыкъомкIэ нэхъ тепIыкIэ хъунущ ди къалэхэр, къуажэхэр. Унэхэм, фэтэрхэм я уасэри ехуэхынущ.

2008 гъэм кьрибубдэу унэщIэхэм щIэтIысхьажащ унагъэщIэу 426-рэ. Чернообыльскэ щIалхэм ящыщу я кIэныр кьнкIащ унагъэу 53-м. Хабзэкъуэмэхэм, зи къалэныр зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм ящыщи унагъэу 14-м фэтэрэщIэкIэ гъатхэсащ.

ПсэупIэр егъэфIакIуэным - гулытэ

Республикэм и унафэщIэхэр иогугъу щIыхуэхэм я псэупIэр егъэфIакIуэным, сабий куэд зыщIатI унагъэхэм защIэгъэзыжьыным, республикэм и демографие щытыкIэм фIы и Iэныкъуэкlэ зегъэхъуэжьыным. Пъэ кIуам епльытмэ, процентри 10-м щIигъукlэ хэхъуащ сабийуэ къалъхуахэм я бжыгъэр. Нэхъ мащIэ хъуащ сабийуэ лIэжьэр. А IуэхумкIи ди республикэр УФ-м щынэхъыфIкIэм ящыщщ.

Унагъуэр быдзэжь, къэрарри гъэщIэ

2008 гъэм - Унагъуэм и илъэсыр - щIэдзапIэ хуэхъуат гуфIэгъэ дауэдапщэ: КъБР-м и Президентым кьригъэблэгъат унагъуэщхуэхэм я лIыкIуэхэр. Мыхьэ-мытIэу республикэм щекIуэкIащ унагъуэм и щIэныгъэ зэхуэсэхэр, пшыхьэр, зэпеуэ зэмылIужьыгъуэхэр.

Бынитху е нэхъыбэ кьэзыхъуэ, зыпIа анэхэм папщIэ ягъэкъэзыращ къэрал дамыгъэщIэ - «Материнская слава» медалыкIэ. Ар ящIыгъуу Iуэхугъэхэм ирагащ, дэтхэнэ и зы бынми хуэзэу, сом миниплщ. Унагъэшхэу 10-м лъагъэсащ «Базель» автобус щыкIуэр.

Кьимыдэкlэ, 2009 гъэм и щIышыпIэ мазэм кьыщыщIадзауэ сабинтху е нэхъыбэ зиIэ анэхэм иратынущ сом мин 250-рэ, я псэукIэр ирагъэфIакIуэн папщIэ. А мурадым хуэхахащ бюджетым щыщ ахъщэу сом мелуан 14-м нэбгырэ. Республикэм и хьэкIкIэ илъэсрэ нобгъуэрэ - илъэсищ ныбжьым ит сабий зиIэ анэхэм доIэпыкъу мазэ кьэс, лэжьапIэ Iумытхэм, зи сабий кIэтхыпIпь анэхэм мазэ къэс 2,30-рэ, сабий ныкъуэ-дыкъуэ зиIэхэм - сом 200. Сабий кьэзылъху анэхэм, «федеральнэ» сом миниём нэмыщI, ди республикэри хуоупсэ сом мининтIкIэ. Сабиищ е нэхъыбэ зиIэхэм процент 30-кIэ хуэкIарагъэху псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхъэбзэхэм я уасэхэр. «Урысеймэ и унагъуэ» кьэзрапсо епльыныгъэхэм щытекIуэхэм хатыхтащ КъБР-м щыщу Бэгъэ тырхэ я унагъуэр, «Урысеймэ и анэ нэхъыфIр» щэр кьыфIащащ сабинтху кьэзылъхуа Атабиевэ Жэнэ.

Республикэм и зыгъэпсэхупIэ лагерхэм щыIащ сабий 3259-рэ. Сабий зеиншэхэм пщIэншэу зрагъэзэпсэхуащ. А мурадым хуэхах ахъщэхэр дяпэкIи хэхъунущ.

Илъэс кьэс ди республикэм щокIуэкI сабийхэм ядэIэпыкъуным т еухуа щыхьэхэу. Абы кьыхэкIа ахъщэхэр сом мин зырызу трагуэщащ ныбжьыщIэу миниём щIигъум.

Гулытэншэу кьаныркъым лIыжь-фIыжьхьэри. Кьэбгъэльагъуэмэ, зауэм хэтхэзу, ныкъуэдыкъуэхэу 42-м ирагъэсащ автомашинэ псынщIэкIэ.

Нэхъ гукъинэж пщыхьэ Iуэхугъуэ хэр

Зеузэщ, иофакIуэ ди кьаладжхэ Налшык. Илъэс кьэс ахъщэ щыхьу щIэрыIуэу куэд дыдэ. 2008 гъэм Налшык щыхьэщащ, кьэбгъэльагъуэмэ, мызэ-мытIэу Олимпиадэм щытекIуэ, Къэрал Думэм и депутат Роднина Иринэ. Заубгъу, нэхъ дахэ хьэ зэмылIужьыгъуэ Налшык и гурэ, уэрамхэм щхьэхуэжьэ. Иджыблагъэ кьаIэм кьыдэхуэщ члисищ.

Ди Iуащхьэмахуэр Урысеймэ и щIыпIэ тельадзкIуэ блым яхьыхащ. Ди хэкуэгъу Билан Дмитэ «Евровидение - 2008» зэпеуэм щытекIуащ.

Налшык щекIуэкIащ шахматымкIэ бзыльгъуэгъэхэм я дунейпсо зэхъэзэхуэр. Абы щытекIуащ Урысейм щыпсэу Костенюк Александрэ. Ди республикэм и «Спартак» стадионми щIыпсэпсэуащ ди къэралымрэ Шотландиемрэ я щIыхьфэ футбол командзхэр. ДапъэгуфIащ ди хэкуэгъу спортсменхэу Хьэшт Асльэнбечрэ Аккаев Хьэжмуратрэ, Пекин щекIуэкIа Олимпиадэм текIуэныгъэ кьыщызыхьахэм, дунейпсо чемпион хьуа Шыхьэ Анзор, нэгъуэщI щэхуэхэр.

Ди республикэр зэрыгушхуэ щIыхь тедыдэкIэ, музыкант щIэджащIэщ Санкт-Петербург щыпсэу Темыркан Юрэ. Абы и щIыхькIэ Нева Iуг кьаIэм щекIуэкIа концерт хьэзэпэтхэр щащIэгъуэщ дунейм и къэрал куэдым.

Щыхъу щыщхэр

Хьэдыжьэ щыкIу Iуэрэ ди Президент Кьанокъуэ Арсен кьыхуэнагъэ ха письмэм итт ар зэрымыльхунщэр, тыгъэ гуэрым зэрыщIэхъэпсыр. А тхыгъэм пджэжьри, сабийм тыгъэфIкIэ хуэпсаи Кьанокъуэр. Абы и закъуэ? Щыху куэдым ядоIэпыкъу ди Президентыр. Псапащ Iуэхугъэ хуэщ абы и гъащIэм щыщ Iыхьэ.

Кьанокъуэм и уней мылькукIэ ящхуащ мэджыдытыщхэр, члисищ, зэрагъэтэщIащ сиплагоэр, фаеплъ язынныкъуэхэр. Ар и щIэгъэкъуэныфIщ «Спартак-Налшык» футбол клубым. Аха щхьэ яхухитхьащ хьэж зыщIу кьэкIуэжа цIыху щищым я Iуэгугъэ. ЗэманзэманкIэ спортсмен мылькуныщIэхэм, гугъу ехь лIыжь-фIызыжьхэм. И кьару емыблэжу защIегъакIуэ аджапIэжь, сабий IуэхущапIэхэр, сымаджещхэр зыхуэхэсу, зэгъитащIащхэм, иджырей Iэмэпсымэжмкlэ зэщIэзэпыуэдзэкъм. Илъэс кьэс Кьанокъуэм псапащIэ Iуэхухэм хельхъэ и уней фондым щыщу доллар мелуан хуэдиз. Апхуэдэ Iуэхыфlэхэр зэригъэпхьыжьыну Кьанокъуэм кьратауэ Урысеймэ и мамырыгъэ фондым и дыщэ медалыр, «За миротворческую и благотворительную деятельность» зи фIэщыгъэр.

КъБР-м и Президентым и щапхъэм тету, Iуэхуфlэхэр яIэжь республикэм и хьэрычъэтыщIэ зыкъомкI. Щыхьэрэ я нэIэ тетуэ, сымаджещхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, уэрамхэр, Iуэхущапlэ унэхэр зыхуей хуэгъэзэным. Кьэбгъэтальэгъуэмэ, Тэрч кьалэм дэс хьэрычэтыщIэхэм хьарзынэгъэ зэрагъэпсыжьащ район сымаджещыр. Апытуд кьуэжьэм щыщ хьэрычэтыщIэм Iэнэ зыщащхьэ ягъуэм тыгъэ хуищIащ жыг хадэ, тетIыс хьэпIэкэр, сабий джэгупIэхэр, псыутх дахэр иту. Кьэрэрэгъэ щыпсэу хьэрычэтыщIэхэмэ я мыльку хатхьащ мэжджытыщIэхэр хуэунэм.

Апхуэдэ Iуэхуфlэхэм нэхъ зыыбгъуэун уаIэпсэтыхьхьыфIнущ. Сыт абы кьыкIыр? 2008 гъэр ди республикэм и къэрал зыщIэныгъэ щытауэ кьэпльытэ хъунущ. Зэкlэ зэфIэмыкIа, зэлэжьыпхъэ Iуэхугъуэхэри, ныкъуэ-саныгъэ щхьэхуэхэри мымащIэми, жьытIэ хъунущ. Кьэбгъэльагъэрыр зыужьыныгъэм и гъуэгум тету кIуатэр, абы дяпэкIи екъулIэныгъэ гъуэзэджкэхэр кьыпэплIэу.

ЛъОСТЭН Маринэ.

2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкIа ухуэныгъэхэр:

Налшык Мусэм и цIыкIэ щыIэ уэрамым фэтэр 51-рэ хъууэ щатэ псэупIэ унэр.

«Потенциал» ЖСК-м фэтэри 150-рэ хъууэ ирухуэ псэупIэ унэм щыщу хьэзыр ящIа фэтэр 83-рэ зыхэт Iыхьэр (блокыр).

Альтуд къуажэм тIысипIэ 400 зиIэ и ягъэкIуэм сабий 80 зэкIуалIэ и гъэсапIэмрэ.

Кенжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэр.

Куба къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэр.

Магдалинэ Марие и цIыкIэ Налшык щауха члисэр.

Къэрэгъэш къуажэм дащIыхьа мэжджытыр.

Альтуд къуажэм дащIыхьа мэжджытыр.

Налшык уз зэрыщIалэхэмкlэ щыIэ смаджещым и щIэзэз корпусыр.

Жьэн узыр щагъэхъуж «Вагъуэ цIыкIу» («Звездочка») республикэ сабий санаторэр.

Александровка стаханов и участковэ смаджещым гуащIыхьа ухуэныгъэр.

Хьэбзэ къуажэм дэт школ-сабий гъэсапIэм гуащIыхьа ухуэныгъэр.

Инаркъуей къуажэм и пэщIэдзэ аджапIэм гуащIыхьа ухуэныгъэр (спорт пэшрэ щыIэ зэхуэс пэшрэ).

Налшык дэт 31-нэ курыт аджапIэм и футбол джэгупIэ Iэрыщыщр.

КъБР-м и теленэтынхэр къэзытырагъуэным пыщIа Iуэхугъуэхэр кьыщэзыгъэпэщ, Iуащхьэмахуэ, Шэрдэж, Прохладнэ, Шэджэм, Лэскэн районхэм ретрансляторхэр щызиIэ спутник сетыщ.

Пашэ Iуэхугъэ къуажэм щызэрагъэпэщыжьа псы кIуапIэщ.

Налшык къэлэ щыщ щызэрагъэпэщыжьа псы кIуапIэщ.

Былым къуажэр псыкIэ хэзыгъэпэщыжьащ.

Былым къуажэр псыкIэ хэзыгъэпэщыжьа ирагъэфIакIуащ, хьэблэр электрокъарукIэ ирикъуу кьызэрагъэпэщащ.

Хьэмидэ къуажэм и псы кIуапIэр.

Май къэлэм и Ищхъэрэ хьэблэм и псы кьыщIэзыIэпIэр.

Аруан къуажэм и псы гуэшыпIэхэм зрагъэубгъащ.

Налшык къэлэм и Профсоюз уэрамым фэтэр 220-рэ хъууэ щащ псэупIэ унэм щыщу хьэзыр ящIа фэтэри 155-рэ зыхэт Iыхьэр (блокыр).

Сабий 160-м зэуэ щакIэлъпIыхьфIну Налшык щащуха унэр.

Жэмтхьалэ къуажэ еджапIэм кьыпащIыхьа уухуэныгъэр.

Черноводскэ 660-м тешIыхьэ уз Бахъсэненкэ къуажэм дащIыхьа школ-сабий гъэсапIэр.

Аруан къуажэм и сабий автомобиль кьалэ щыкIуэр.

Апхуэдэу ятхэр:

Налшык дэт медицинэ щызэчэнджащ диагностикэ центр зэрагъэпэщыжьаращ.

Уэанщагъэр щагъэгъэфIакIуэу Аргудан къуажэм дэт комплексыщ.

Еджакlуэ 660-м, сабийуэ 80-м тешIыхьа Щэхьэмкъуэ къуажэм щызэрагъэпэщыжа куры школымрэ гъэсапIэмрэщ.

КъБР-м теленэтынхэр къэгъэпэсугъуным пыщIа Iуэхугъуэхэр кьыщэзыгъэпэщ, Iуащхьэмахуэ, Шэрдэж, Прохладнэ, Шэджэм, Лэскэн районхэм зэрыщIэзыгъэпэщ кIуапIэ коллекторымрэ псы гъэкъэбзапIэхэмрэщ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Нэрылъагъуу зеужь

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щригъэжьэкIэ Iащ мы гъэм кьрикIуахэр пэублэу щызэхилъхьажа зэIущIэ.

ЗэрыщIыту кьапщтэмэ, 2008 гъэр тхуэлеякьым икIи фIыщIэ хуэтIущу ар идогъэжьэж. Илъэс иухым республикэм и бюджет зэхэтар хуэдэ 1,3-кIэ хэхъуащ икIи сом мелард 20,6-м нэсащ. Абы и Iэныкъуэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Iуэхугъуэ Илъэсым бжьыпэр щыкIыгъ. Мы гъэм республикэм и экономикэм инвестицэ мыльку кьыхалъхьар сом мелард 15,6-рэ. Ар илъэс кIуам елытыагъэ процентэ 105-рэ мэхъу.

Кьанокъуэ Арсен хэхаущ къытеувыIащ мэкъумэш щIэныкъо, Iэщ гъэхъунымкIэ зегъэужьыным теухуауэ ягъэзэщIэну я мурадхэм, республикэм тельъ щыхъуэхэр зытегъэкIыжьыным, промышленностым и Iэнатlэхэмрэ ухуэныгъэ комплексымрэ я зэфIэкIым ядгъэкIуэн хэгъэхъуным зэрыщIэтIысхьэ. Iльэсыжьым кьыхуэнжьа зэманыр кьыпшбжьыкIэу сыхэтыр къыщIеуэкIэ, хабзэ хьуауэ дэтхэнэ зыми хьэрэпсапIэ гуэр и гум ирелъхьэри, Тхъэм ар псоми кьыщIегъэхъулIэ. Узынщагъэ фыщымыщIэу, гукъыдэжымрэ дэрэжэгъэмрэ фи Iэпэгъуу илъэсыщIэ фызытетхьэрефьхьжIыну сынывокъуэхъу.

Кьанокъуэ ФатIимэ абыхъэ IэфыкIэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ куэду яхуищащ, абы кьищынэмыщIауи, дэтхэнэзыми саугъэт щхьэхуэхэр ирахуищащ.

Аухуэдэ тулыгъэ республикэм и Унафэщым и щхьэгъусэм илъэс кьэс кьаузрахуищIымкIэ, я дежь щыпсэуэхэм я гукъыдэжыр кьызэрагъэтымкIэ фIыщIэ хуищIащ унэм и унафэщI Абазэ Сусанэр.

ЗэIущIэр гукъинэж ящIащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и артист цIэрыIуэхэу Сокъур Ольгэ, Хьэжьокрокъуэ Сультlан, Iэрэмысэ Азрэт, Лилу, «Кабардинка» ансамблым и кьэфакIуэхэу Бритокъу Оксанэрэ Гъчщlо Залымрэ.

ХЬЭТУ Барэсбий.

Тюбеев Альберт, Кьанокъуэ ФатIимэ, ДыщкI Мадинэ.

Дэтхэнэ зыми

● Гулытэ

Хьэжьокрокъуэ СультIан уэрэд жеIэ.

цIыху 75-м IэфыкIэхэмкIэ яхуэупсащ.

ШЫПIШ Даянэ.

* * *

А МАХУЭМ КъБР-м и Президентым и щхьэгъусэ Кьанокъуэ ФатIимэ щыIащ жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щыпсэууэ Налшык дэт унэм.

ЕкIуу гъэщIэрэщIа псейр зыщIэт пэшым я нэгум гуфIэгъэр кьрихыу щызэхуэсат интернатым щыпсэуэ ахъщэм кьрагъэблэгъащ я хьэщIэхэр.

ЗэIущIэ гуапэр езыгъэкIуэкIа Кьумахуэ Мухьэдин

Сурэтхэр КЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

Тэрч районым исхэр, къаныгъуэ щIагъуэ щыныIэу, зыхэнсэныкIыр щIым къытрах ерыскъыпхъэрщ, Iэщым, джэдхъэзым кьыпах хъерырщ. Пэхъапэкъм а куейр гъавэ къэлэпэжьыныжьмкIэ Бахъсэн, Аруан, Прохладнэ районхэм ялъэщIыхьэу щытакъым. Ауэ нужь ильэситIым республикэм щыпашэхэм я сатырым хуэвгащ.

Мы гъэм я Iуэху кьызэрекIуэкIам тедгъэпсэтIыхьыжу дэ дыIущIащ Тэрч район администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и къудамэм и унафэщI УЭДЫХ Тимур.

- Тимур, 2008 гъэр еух. Дэ зэрытщIэмкIэ, хьэзэдпэкI илъэсыр фи мэкъумэшыщIэхэм ахуэIуэныкъым.

- Мы гъэм къытетхам хуэдиз хуэ щIауэ ди щIым къыдитакъым. Гъавэу къетхьэIащ тонн мин 141-рэ. Абы щыщу гуэдзыр тонн мин 65-рэ мэхъу, нартыхъуэ мин 60-м нобгъэ. Зы гектарым тепщIыхьмэ, хьэщIэпэщм ику ину къыщIалуэкIащ центнер 44,5-рэ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэм лъабжьэ хуэхъуар ди губгъуэ гъэкIэкIуэхэр гъавэ щIапIэхэм зэрегугъащу: щыгъэпшэркIэ хуэбэзэрыгъакIым, и нэхьыбэм хасар хамэ къэрал къраша жьыпатхэ нэхьыбэ щIэдзэхэм хуэдэщ. Къымыдэкlэ, дуней щытыкIэри хъарзынэу щытащ мэкъумэшыщIэхэм я дежкIэ. Уолбанэ-ринэу щымыту, уэгъу кIыхь щымыIэу гъэр екIуэкIащ.

- Щыгъэпшэрхэм, жьыдапхъэфIхэм нэмышIкIэ, гъавэр зэрыIуахьыж техникэр зыхуэдэмэ куэд ныбгъщ.

- Ар пэжщ. Мы гъэм Iэджэм трактору, щым зэрелъжь нэгъуэщI техникэ зэмылIэужьыгъуэу куэд къащэхуащ, илъэс дызыхуэкIуэри а бжыгъэм зэрыхэхъуэнум шэч хэлъхьэм. Нобэ районым дниэщ трактору, комбайну 900-м щIигъу. Пхъэлэщу, жылаз машинэу, нэгъуэщI Iэмэпсымэ зэхуэмыдэу зэрагъэпэщащри мащIэкIым. Районым и пашIэр гектар мин 34-рэ фIэкI зэрымыхъур кьэпльытэмэ, мызэкI техникэкIэ дохъу. Пэжщ, Iэмал зэриIэкIэ, жьы хъуахэр зэхъуэкIын хуей. Ауэ щыIэ нэхъ лъэкIыныгъэ зиIэ Iуэхугъэ Iам, бжьыдыгъэ щыIэ зэрымыхъуар. Ауэ ди щIыпIэм, бжьыдыгъэ щыIэ зэрымыхъуар ди гъэзэгъэ Акейниковэ Людмилэ, Москва консерваторием и профессор Иванов Владимир и мастер-классэм яшэрт.

Илъэсибгъу ныбжьым иту Европей Союзым и Камерпэ Оркестрым и гъусэу ого игъэзэщIауэ щытащ Алим. Аммар къалэм щекIуэкIа а зэIущIэр ныбжьыщIэм и япэ концерт ирит.

